# Iуащхьэмахуэ - телъыджэм и телъыджэж!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№113 (21.271) • 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




## Урысейпсо зэпеуэм дыщытокIуэ

**Урысейм и щхьэ хуитыныгъэм и махуэшхуэр щигъэлъапIэм, мэкъуауэгъуэм и 12-м наIуэ къэхъ уащ «Урысейм и телъыджибл» зэпеуэм и кIэух Iыхьэм кърикIуахэр. ЦIыху мелуан 26-м нэблагъэ Iэ щIаIэта телъыджэхэм яхэхуащ ди республикэм и гушхуапIэ Iуащхьэмахуэ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, урысейпсо зэпеуэм и иужьрей Iыхьэм и мардэхэм ящыщ зыт нэхъ телъыджэу къалъытэ щIыпIэцIэу блы зэубыдылIауэ къагъэлъэгъуэн зэрыхуейр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ екIуэкIа IэIэтым ди Iуащхьэмахуэ зэрыхиубыдар ехъулIэныгъэшхуэщ икIи зи фIыщIэр ди республикэм щыпсэууэ ар текIуэным хущIэкъуахэм я закъуэкъым, атIэ ди лъахэм зэгуэр щыхьэщIауэ а къурш уардэр гукъинэж зыщыхъуахэми ялъэкI къагъэнакъым.

Iуащхьэмахуэ дэщIыгъуу урысейпсо зэпеуэм щытекIуащ Байкал гуэлыр, Петергоф, Блаженный Василий и члисэр, Мамай Iуащхьэмрэ Хэку-Анэм и фэеплъымрэ, Гейзерхэм я аузыр, Маньпупунер къурш дапхъэм и мывэ пкъохэр. ТекIуахэм я цIэхэр щыжаIащ Урысейм и махуэр гъэлъэпIэным иращIэкI концертышхуэр Москва и Ут Плъыжьым щыщекIуэкIым.

## Ди къэралым и цIыхущIэхэр



Бе челов Ильяс паспортхэр ныбжьыщIэхэм ярет.

**Мэкъуауэгъуэм и 12-м КъБР-м и Парламентым и Унэм зэIущIэ дахэ щекIуэкIащ - зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа цIыкIухэм иратащ УФ-м и цIыхуу зэрыщытымкIэ паспор тхэр.**

УРЫСЕЙМ и махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща Iуэхум и жэрдэмщIакIуэу щытащ КъБР-м и Парламентыр, МиграцэмкIэ федерал къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэр, ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ КъБР-м и къэрал комитетыр.

ЗэIущIэр къызэIуихри Урысейм и махуэмкIэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ КъБР-м и къэрал комитетым и унафэщI **Пащты Борис** икIи псалъэ иритащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс**. ФIэхъус псалъэкIэ сабийхэм защыхуигъазэм, абы къыхигъэщащ мэкъуауэгъуэм и 12-р щхьэхуитыныгъэм, демократием, цIыхухэм я псэукIэм зегъэужьыным я лъапIэныгъэхэм тегъэпсыхьа къэрал ухуэкIэщIэм Урысейр щытехьа махуэшхуэу зэрыщытыр. Бечеловым иджыри зэ школакIуэхэм ягу къигъэкIыжащ ди республикэми ди къэралми я къэкIуэнур къыдэкIуэтей щIэблэм зэрелъытар икIи махуэ лъапIэмкIэ абыхэм ехъуэхъуащ.

Урысей Федерацэм и къэрал гимныр къеуа нэ ужь, Бечелов Ильяс пэрыхьащ къалэн гуапэр гъэзэщIэным - щIэблэм паспорт-хэр етыным. Къэралым цIыхум ирит документ нэхъыщхьэр Парламентым и УнафэщIым яIэщIилъ хьащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щыщ ныбжьыщIэ 25-м. Паспортым къищынэмыщIауэ, шко лакIуэхэм иратащ фэеплъ саугъэтхэмрэ УФ-м и Конституцэр зэрыт тхылъ цIыкIухэмрэ. Бахъсэн районым щыщ **Къэбардэ Алим** а махуэм гуфIэгъуитI хуэзэтрихьат - паспорт къызэрыратым къищынэмыщIа, мэкъуауэгъуэм и 12-р ар къыщалъхуа махуэт. Абы къыхэкIкIэ Алим тыгъэ хуащIащ глоб ус.

НыбжьыщIэхэм хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ МиграцэмкIэ федерал къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Герузов Алий** , адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу **Темукуевэ Аурикэ** сымэ, нэгъуэщIхэми. ГуфIэгъу э зэIущIэм апхуэдэу хэтащ Парламентым и комитетхэм я унафэщIхэу **Махуэ Владимиррэ Iэпщэ Зауррэ**.

ЗэIущIэ нэужьым ныбжьыщIэхэр Парламентым и Унэм къыщрашэкIащ, депутатхэм я гъусэу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

БАТЫР Любэ.



Паспорт зрата ныбжьыщIэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ.



●Урысейм и Махуэм

## ЩIалэгъуалэм утыкур ират

**Налшыкдэсхэмрэ къуажэ, къалэ гъунэгъухэм къикIахэмрэ махуэку пщыхьэщхьэм Абхъазым и утыр яуфэбгъуат. Абы щекIуэкIыр т Урысейм и махуэм, накъыгъэм и 12-м, иращIэкIа концертыр.**

ДЭНЭ щIыпIэкIи щыхуарзэрт нып зэмыфэгъухэр, Урысейм и бэракъым къытращIыкIа лентI цIыкIухэр хэти и щхьэцхэлъхьэт, хэти и Iэпщэхъут, Iэлъын зыщIахэри мащIэтэкъым. Сабий цIыкIухэм деж къыщыщIэдзауэ зи ныбжь хэкIуэтахэм я деж щыщIэкIыжу псоми я нэгум гуфIэгъуэр къищырт, махуэшхуэм дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ къариту.

Концертым кърихьэлIа псоми хуэгъэза псалъэ гуапэхэмкIэ ар къызэIуихащ пщыхьэщхьэр щIэщыгъуэу, утемызашэу езыгъэкIуэкIа Къумахуэ Мухьэдин. Япэу утыкур хуит хуащIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зеущэ Iэуес. АдэкIэ къыкIэлъыкIуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкIыу гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтахэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр: Къаныкъуэ Анфисэрэ Сихъу Аялрэ «Уэркъ къафэ», Чурей Дыжьын, Жанэ Ясин, Къербэч Албус сымэ макъамэ дахэ ягъэзэщIащ.

Абы хэту утыкум хуарзэу кхъухьлъатэ къыщхьэщыхьащ. Абы парашюткIэ къилъа цIыхухэм щIылъэм къетIысэхыху къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэм къызэхуэсахэр нэхъри къызэщIиIэтат. ЩхъуэкIэплъыкIэ дахэу утым и бгъум деж къыщыт, гъуэзкIэ гъэпща шарым, иужькIэ уэгум драгъэлъэтеям, нэр игъэгуфIэрт.

Концертым хэтащ ди республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хъыжьырокъуэ СулътIанрэ Текуев Амуррэ, Шал Хъусен сымэ, нэгъуэщIхэри. Иджы утыкум къихьэ, зи зэфIэкIхэр цIыхухэм къащIэ иджырей эстрадэ уэрэдхэр зыгъэзэщIа щIалэгъуалэм уащыхэплъэкIэ, абыхэм я макъ телъыджэхэм ущедаIуэкIэ ди лъэпкъыр, ди республикэр зэрыгушхуэн щIэблэ къызэрытщIэхъуэр уи фIэщ мэхъу, абы гушхуэныгъэ ин къыпхелъхьэ.

Апхуэдэу лъэпкъ уэрэдхэри урыс эстрадэ уэрэдхэри ягъэзэщIащ республикэ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм хэ та, абыхэм увыпIэ нэхъыщхьэхэр къыщызыхьа уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Къанкъул Рузаннэ, Ульбашевэ Радмилэ, Царикаевэ ФатIимэ, ШанкIэ Роман, Бей Беллэ, Алшэгъыр Руслан, Алчаков Артур, Щоджэн ФатIимэ, Федо товэ Юлэ, Хьэтыхъу Вадим, Бырхьэм Джульеттэ, Жабоевэ Iэсият, Тэрчокъуэ Алим, Чомартов Тамерлан сымэ, нэгъуэщIхэми.

Сыхьэтитхум нэскIэ екIуэкIа концертым и ужькIэ, сыхьэт 21-м, хьэрэкIытIэ щхъуэкIэплъыкIэхэм уэгур ягъэнэхуащ. Пщыхьэщхьэ псом уэрэд дахэ жаIэхэм зи лъэр щIигъэкIа щIалэгъуалэм адэкIэ къафэр зэхаублащ, жэщыр гувэхукIи ахэр зэбгрыкIыжакъым.

ИСТЕПАН Залинэ.















Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

## «Хьэтхэм» я ехъулIэныгъэ

**Профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэм мэкъуауэгъуэм и 12-м щекIуэкIащ «Хьэтхэр» ансамблым и пшыхь.**

АДЫГЭ фащэ дахэ ящыгъыу дызэса щIалэ бжьыфIэхэр къызэрыгуэкI щыгъынкIэ хуэпауэ утыкум къихьэу макъамэ Iэмэпсымэ зырыз къащта нэужь, адэкIэ къэхъуар псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ: зыр рок-музыкантым хуэдэу бэрэбанэм йоуэ, адрейм пхъэтIаркъ IэщIэлъу уэрэджыIакIуэм дожьу, хэти гитарэр егъэзу... «Хьэтхэм» я макъамэ зэщIэжьыуэр ягъэдахэрт пшынауэхэм я республикэпсо зэпеуэм япэ увыпIэ къыщызыхьа **Иуан БетIалрэ** бжьамий лIэужьыгъуэхэр зыгъэбзэрабзэ **Увыж Анзоррэ.**

ГъэщIэгъуэнт рок-макъамэм и хабзэхэм къитIасэу адыгэ пшыналъэхэр ди лъэпкъ Iэмэпсымэхэм кIэ абыхэм зэрагъэзэщIа щIыкIэр.

«Хьэтхэм» апхуэдэу ягъэзэщIащ «Битлз», «Океан Эльзы» гупхэм я уэрэдхэр (адыгэ пшынэм, шыкIэпшынэм, накъырэм я макъ щIэту). Зи зэфIэкIыр лъэныкъуэщIэкIэ къэзыгъэлъэгъуахэм ехъуэхъуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу **Хъыжьырокъуэ СулътIан, Лий Аслъэн, Балъкъэр Иринэ,** пшынауэ Iэзэ **Дудар Аслъэн** сымэ. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, «Хьэтхэм» кърахьэжьа IуэхугъуэщIэм пэлъэщащ.

Адыгэ пшыналъэхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ апхуэдэ жыпхъэм иту дуней псом и пащхьэм изылъхьэну хущIэкъу «Хьэтхэм» я мурадхэр къехъулIэну ехъуэхъуу, пшыхьыр гунэс ящыхъуауэ цIыхухэр зэбгрыкIыжырт, ауэ щIыбым джэгу щызэхаублэжри, абыкIэ ягъэлъэпIащ «Хьэтхэм» я ехъулIэныгъэр.

КЪАНЫКЪУЭАнфисэ.



«Хьэтхэм» я теплъэр яхъуэж.


Тхыдэ ■ Махуэгъэпс ■ Спорт
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ, радионэтынхэр ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис


■ Нобэ йожьэ

**Севастополь КъалэЛIыхъужьыр илъэс 225-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным дыгъуасэ щIадзащ.**

Ар махуищкIэ екIуэкIынущ.

ГуфIэгъуэм ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм хэтын папщIэ нобэ Севастополь кIуэнущ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Иванов Сергей зи пашэ гупыр.

### ХэкIыпIэхэр къалъыхъуэ

**Дыгъуасэ Брюссель щекIуэкIащ Урысеймрэ НАТО-м хыхьэ къэралхэмрэ зыхъумэжыныгъэмкIэ я министрхэм я зэIущIэ.**

Абы щызэпкърахащ мыхьэнэшхуэ зиIэ дунейпсо Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр. Апхуэдэщ ПРО-м, Куржым, Балканхэм ехьэлIахэр, нэгъуэщI куэдхэри.

УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Сердюков Анатолэ зэрыжиIамкIэ, зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуэхэр зэдэлэжьэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм. Къапщтэмэ, Урысеймрэ НАТО-мрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIынущ терроризмэм зэрыпэщIэтынум теухуа дзэ еджэныгъэхэр.

### Куржыр хэтынукъым

**Мэкъуауэгъуэм и 16-м Женевэ щыпащэнущ Урысейр Дунейпсо сату организацэм хыхьэным теухуауэ ирагъэкIуэкI зэпсэлъэныгъэхэм.**

Куржыр а зэIущIэм хэтынукъым. Мэлыжьыхь мазэм абы къызэтригъэувыIауэ щытащ Урысейр ВТО-м хыхьэным ехьэлIа лъэныкъуитI зэпсэлъэныгъэхэр.

Тбилиси къегъэув Урысейр Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ ярит дэIэпыкъуныгъэм къыпыкIыну, а республикэхэм яхуиIэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным теухуауэ къищта унафэр икъутэжыну.

*(ИТАР-ТАСС).*

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 14, *щэбэт***

♦ **Лъы зытым и дунейпсо махуэщ. 2004 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.**

♦ Инджылызым и Лъэпкъ гуфIэгъуэщ - пащтыхь гуащэр къыщалъхуа махуэщ (1926).

♦ Мэкъуауэгъуэм и 14 - 21-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIынущ Образцовэ Еленэ и гъэсэн уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм я 2-нэ дунейпсо зэпеуэр.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1933) къалъхуащ кинорежиссер, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Краснопольский В.А.**

♦ Илъэс 20 и пэкIэ дунейм ехыжащ совет химик, СССР-м и АН-м и академик, Лениным и саугъэтымрэ (1986), СССР-м и Къэрал саугъэтхэмрэ (1949, 1951) я лауреат Коршак В.В. (1909 - 1988).

♦ 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ГъуазджэмкIэ и управленэр.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 23-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 52-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 29-рэ.**

**Мэкъуауэгъуэм и 15, *тхьэмахуэ***

♦ 1914 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ **Андропов Юрий.**

♦ Илъэс 80 и пэкIэ къалъхуащ совет еджагъэшхуэ, СССР-м и АН-м и член-корреспондент, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1989, дунейм зэрехыжауэ) **Турчанинов Игорь** (1928 - 1980).

♦ Илъэс 85-рэ и пэкIэ (1923) къалъхуащ урыс конструктор, СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (1977) Лениным и саугъэтымрэ (1984) я лауреат **Симачев В.И.**

♦ 1561 гъэм Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и дэлъху Думэныкъуэ, и шыпхъу Алътыншаш, абы и щхьэгъусэ Бекбулат, а тIум я къуэ Саин-Булат сымэ и гъусэу Мэзкуу нэсащ.

♦ Илъэс 65-рэ ирокъу КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрэ** къызэралъхурэ. Мы гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 23-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 53-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-рэ.**

**Мэкъуауэгъуэм и 16, *блыщхьэ***

♦ Кърымым къыщызэIуахащ «Артек» Союзпсо пионер лагерыр (1925). Иджы дунейпсо сабий центрщ.

♦ 1963 гъэм Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кхъухьымкIэ хьэршым лъэтащ.

♦ Латвием Урысей щэнхабзэм и махуэхэр къыщызэIуахынущ.

♦ Илъэси 135-рэ и пэкIэ къалъхуащ урыс совет уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, щэнхабзэхутэ, щIэныгъэхэм я доктор, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь (1925), СССР-м и Къэрал саугъэтым (1943) и лауреат **Неждановэ А.В.** (1873 - 1950).

♦ 1930 гъэм Волгоград (Сталинград) трактор заводыр ирагъэжьащ.

♦ 1992 гъэм Урысей Федерацэр Дунейпсо банкым хыхьащ.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 23-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 53-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-рэ.**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.**

**Щэ зыгъэдэIуэфыр щэ я уасэщ.**

## Чэнджэщ фыхуеймэ

● Гу зылъытапхъэ

НАЛШЫК къалэ Кулиевым и уэрамым тет унэ №7-м и 4-нэ къатым «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и исполкомым щиIэ жылагъуэ егъэблэгъапIэм:

дэтхэнэ мазэми и етIуанэ, еплIанэ мэрем махуэхэм КъБР-м и Парламентым и депутату «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хэтхэр цIыхухэм щаIуощIэ;

2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17, 20, 24, 27 махуэхэм сыхьэт 15-м щыщIэдзауэ 18-м нэсыху цIыхухэм пщIэншэу юридическэ чэнджэщхэр щрат.

ФыщIэупщIэ хъунущ **(88662) 40-69-15** телефонымкIэ.

